



Nzero 2022

kirundi

Ubwo nyene haza Yezu, aza abagana! (Matayo 28,9)

Kontakt:

*Meinolf Wacker
Kirchplatz 7
59174 Kamen*

Mobil.:

*+49-172-5638432
meinolf.wacker@go4peace.eu
www.go4peace.eu*

*Mail:
Homepage*

**Rondera Yezu mu buzima bwa misi yose!
Discover Jesus in your daily life!**

Bakunzi ba go4peace,

Umugambi w'Imana niwo wariko uraja mu ngiro. Akarenganyo, ukutagira ico bitaho be n'indwano ni vyo vyari vyeze. Abahanuzi bari barasemereye kuva kera ngo abantu bihane. Ivyo vyose nta na kimwe vyari vyashitseko. Niho rero Imana yitora irungika Umwana wayo kw'isi. Yari aje kwigisha no kumenyesha abantu ko bose bavukana. Uko niko Yezu yaje hano kw'isi. Yarasangiyi imyaka 30 yose n'abantu. Mu mpera yariyumvisemwo ko abantu bazoguma bamukeneye. Niko guca rero yigira inama yo kugumana natwe, - n'aho ari ku buryo bwhishije - ariko niho ari vy'ukuri. Igihe yari yazutse agahwana na Mariya Magdalena be n'abandi bagore, yabahaye ubutumwa ati : „, gende mubwire abigishwa bagende mu Bugalile, aho niho bazombonera!“ (Matayo 28,10). Uko niko yari abarungitse ngo basubire ku kiyaga Genezareti. Aho bari iwabo koko. Nawe yashaka aho nyene kugumana nabo. Abo bantu nyene b'abarovyi basanzwe, ni bo yashaka kugira abahinga bo kumenyesha ijambo ry'Imana.

Ico cipfuzo gihambaye ca Yezu co gushima kugumana natwe mu buzima bwa misi yose, nico natwe twipfuza gushira mu ngiro muri uyu mwaka wa 2022. Natwe turagutumiye, nk'umuhingga* kuba uyo aranga Yezu ataboneka. Kugira ngo ubishobore uzohora uronka buri kwezi iri jambo , rizogufasha kwubura Yezu ari aho. Si ivyerekeye kwemera ko Yezu ariho ari, ivyo yarabitwemereye. Vyerekeye riho kwubura Yezu ukumva koko ko ariho ari. Iyo rero ariho ari, bibonekera mu mahoro, mu muco, mu muriro no mu kanyamuneza we nyene ashobora gutanga. Muri uyo muzirikano, Toma aturuka i Boritov (République Tchèque) azoza aratubwira ivyamushikiye mu mpera, mbere hongerekko aka vidéo ka „App go4peace“. Ehe mbere inkuru yiwe ya mbere, ivyamushikiye mu buzima bwiwe busanzwe :

„Nari niguriye umukate uryoshe, nkaba ndiko ndataha nja muhira, mpimbawe n'uko naronse utwo ndarira. Niho nabona imbere yanje hari i camion, yari yazimiye. Umushoferi wayo arampagarika n'ukuboko. Yariko arondera aho yoyihagarika ngo arareho. Naramufashije kuronka mu kagari kegeree yipfuza. Yaranshimiye mu kumwenyurira. Mbandanije, haciye hanzamwo iciyumiyo ko kumbure uyo mushoferi ashonje. Nari ntengatiye wa mukate uryoshe nari nezererewe. Niho naca mpindukira nsubira inyuma ndamubwira nti: „ehe akira n'ico ufungura. Ndazi neza ko utagira ico urarira“. Ndaheza ndamuhereza nya mukate. Aranyitegerezza atangara, kandi amwenyurana ubukengurutsi. Ndaheza ndataha i muhira. Nari nuzuye akanyamuneza ntangere mu mutima, n'aho ntari ngifise wa mukate uryoshe mu nda.“

- Rondera Yezu mu buzima bwa misi yose! – Discover Jesus in your daily life!

Ku ba go4peace

Meinolf Wacker